**ठ** **ṭh** वर्णमालाक बारहम व्यञ्जन। 12th consonant of alphabet.

**ठओर ṭhaor** [स्थल] *n* जगह, अवस्थिति, ठेकाना। location, place; resort. **-ठेकान** *n* पता। address, trace.

**ठक ṭhak** *n* वञ्चक। cheat, rogue, imposter. **°ठेना** *n* वञ्चनापूर्ण व्यवहार। deceit. cheating. **°दरुआ** *n* परस्पर गारि पढ़ि ठट्ठा करबाक योग्य सम्बन्धी, जेना सार, देओर आदि। relative with whom joking is allowed, such as brother-in-law. **-बक** *n* माटिक बक जे विवाहसँ पूर्व वरकें सम्मोहनार्थ देखाओल जाइत अछि। a clay model of crane shown to bridegroom to enchant him. **°बिदुरी/°बोकरी/°मूड़ी लगाब** *vi* विस्मयसँ ठकुआएब। be stunned.

**ठकठक ṭhak-ṭhak** *ono* 1. काठ पर चोट देलासँ उत्पन्न शब्द। tapping sound. 2. झञ्झट। botheration, trouble. **ठकठकाएब** *vt* उक्त ध्वनि उत्पन्न करब। make such sound. **ठकठकिआ** *n* नाओ पर ठकठक ध्वनि कए छोटकी माछ मारनिहार जलबाह। fisherman who nets fish by tapping his boat.

**ठक-ठाइँ, ठक-ठुक ṭhak-ṭhāī, ṭhak-ṭhuk** *ono* काठ ठोकबा-पिटबाक निरन्तर अप्रिय ध्वनि। obnoxious noise of giving strokes on wood or so.

**ठकना ṭhaknā** *n* ठक, वञ्चक। cheat.

**ठकपनी ṭhakpanī** *n* वञ्चना। deceit.

**ठकब ṭhakab** *vt* मिथ्या धारणा कराए अपन काज सुतारब, परतारब। cheat, wheedle, deceive, dupe.

**ठकमकाएब ṭhakmakāeb** *vi* दुबिधामे पड़ब। hesitate.

**ठकरा ṭhakrā** *n* डोरीमे लटकाओल धूह (खढ़पुतरी)। hung scarecrow.

**ठक-हरबा ṭhak-harbā** *See ठक।* Also **ठकहरुआ।**

**ठकाएब ṭhakāeb** *vi* ठकल जाएब। be cheated.

**ठकुआ ṭhakuā** [ठोकुआ?] *n* साँच पर ठोकि-ठोकि बनाओल एक पकमान। a sweet pastry.

**ठकुआएब ṭhakuāeb** *vi* विस्मित होएब। be stupefied.

**ठकुराइ ṭhakurāi** [ठाकुर-] *n* आधिपत्य, प्रभुत्व। lordship.

**ठकुराइनि ṭhakurāini** *f* of *ठाकुर।*

**ठक्कर ṭhakkar** *See टक्कर* and *ठोकर।*

**ठट्ठ ṭhaṭṭha** *n* भीड़। crowd, throng, concourse.

**ठट्ठर ṭhaṭṭhar** *See ठठरी* and *ठाठ।*

**ठट्ठा ṭhaṭṭhā** *n* परिहास, मजाक, विशेषतः गारिबाला परिहास जे किछु सम्बन्धीक सङ्ग कएल जाइत अछि। joke, fun, *spl* abusive joking allowed with some relatives.

**ठठब ṭhaṭhab** *vt* टिकब। stand against.

**ठठरबाज ṭhaṭharbāj** *adj* धूर्त, चलाक। cunning, sly.

**ठठरी ṭhaṭhrī** *n* 1. आधार-संरचना, ठाठ। frame, structure. 2. अस्थिपञ्जर। skeleton.

**ठठेर ṭhaṭhēr** *See ठठेरि।*

**ठठेरि ṭhaṭhēri** *n* काँस-पित्तरिक पात्र गढ़निहार एक जाति। brazier. **ठठेरिनि** *f.*

**ठड़र ṭhaṛar** *n* नीनमे नाकसँ बहराएल एक ध्वनि। snoring sound. **~ पारब** *vt* उक्त ध्वनि करब। snore.

**ठड़ा ṭhaṛā** [ठाढ़+खड़ा] *adj* ठाढ़। standing up.

**ठढ़° ṭharh°** [*w* of ठाढ़] *adj* ठाढ़, उत्थित, हिन्दी *खड़ा।* erect, standing. **°कानर** *n* अधिक ऊँच होएबाक कारणें असुविधाजनक कानर (द्र)। unduly high कानर (*q.v.*) **°बत्ता** *n* टाटमे बीच-बीचमे ठाढ़ कए देल बाती जे टाटकें कड़गर करैत अछि। perpendicular sticks placed for framing a straw fence.

**ठढ़का ṭharhkā** *adj* जे ठाढ़ अछि। standing up.

**ठढ़िआ ṭharhiā** *adj* उपर मुहेँ बढ़निहार प्रभेदक (गाछ); *विप* चतरी। variety of plant which stands erect; *opp* creeping plant. *n* हुक्काक नली। pipe of hubble-bubble.

**ठढुआएब ṭhaṛhuāeb** *vi* ठाढ़ होएब। stand up.

**ठण्ढा ṭhanḍhā** *adj* 1. ठरल, शीतल। cold, cool. 2. शान्त, उत्तेजनाहीन। calm, placid, mild. **ठण्ढाइ** *n* शीतलता। coolness. **ठण्ढाएब** *vi* 1. ठण्ढा होएब, सराएब, तापरहित होएब, ठरब, जड़ाएब। be cool/cold, chill. 2. शान्त होएब। be calm and cool. 3. छाहरिमे बैसि सुस्ताएब। rest a while during a journey to cool oneself.

**ठनक ṭhanak** *n* 1. शुष्क निहल भूमि। dry high land. 2. *See ठनकब।*

**ठनकब ṭhankab** [स्तन-] *vi* 1. बिजरीक कड़कब, मेघक गरजब। thunder. 2. चौकीदारक ठहकब। (said of watchman) shout while making rounds. **ठनक** *n* बिजुरीक ध्वनि। roar of thunder. **ठनका** *n* वज्र। thunder bolt.

**ठनठनाएब ṭhanṭhanāeb** *vi* उत्तेजित होएब। be excited.

**ठप ṭhap** [E] *adj* स्तब्ध, अवरुद्ध स्थगित। stopped.

**ठबौरी ṭhabaurī** *n* ठकपानी। deceit.

**ठमकब ṭhamkab** [स्तम्भ-] *vi* यथापूर्व अवस्थामे अँटकब, रुकब। stay static, halt.

**ठमछोड़ू ṭhamchhōṛū** *adj* अपन सुपरिचित स्थान छाड़ि अन्यत्र गेलापर किछु असुविधासँ ग्रस्त। feeling inconvenience due to change of abode.

**ठमठमाएब ṭhamṭhamāeb** *vi* दुबिधामे पड़ि रुकब। hesitate.

**ठमाएब ṭhamāeb** [ठाम-] *vt* वाञ्छित वस्तु कोन ठाम अछि से पता लगाएब, ठाम पर जाए देखब। inspect on the spot, locate.

**ठ'र ṭha'r** *See ठओर।*

**ठरब ṭharab** *vi* शीत होएब। be chilled.

**ठल्ली ṭhallī** [डारि+डाली] *n* शाखा। branch.

**ठस ṭhas** *adj* सुदृढ़। firm, fixed.

**ठँसब ṭhāsab** *vt* दूसब। cram, stuff.

**ठसम-ठस ṭhasam-ṭhas** *adj* कसि-कसिकें भरल। jampacked, crammed. Also **ठसाठस।**

**ठहकब ṭhahkab** *vi* 1. (चौकीदारक) रातिमे भाउरि दैत हाक देब। (said of watchman) shout while making rounds. 2. शङ्का होएब, खटकब। be apprehensive. 3. मंनमे आएब, भान होएब। come to mind, appear obvious. **ठहक** *n.*

**ठहरब ṭhahrab** *vi* 1. अँटकब, बिलमब। stay. 2. रहब। remain. 3. टिकब। last. 4. रुकब। stop. 5. प्रतीक्षा करब। wait. 6. सिद्ध/प्रमाणित/फलित होएब। be proved/established. **ठहराएब** *cau.* **ठहराओ** *n* रुकनाइ। stop.

**ठहाका ṭhahāka** *n* तेज हँसी, अट्टहास। burst of laughter, peal, horse laugh. **~ मारब** *vt* जोरसँ हँसब। laugh, yell.

**ठहाठहि ṭhahāṭhahi** *adj* अति प्रकाशवान्। bright (moonlight).

**ठहार ṭhahār** *n* स्थान। place.

**ठही ṭhahī** *n* थाकनि, श्रान्ति। fatigue.

**ठहुरी ṭhahurī/ṭhauhri** *n* हाथसँ टुटबाजोग पातर ठारिक जारनि। brush wood, twigs used as fuel, thick bough/branch.

**ठहेर ṭhahēr** *n* मकैक डाँट। corn-stick.

**ठाँ' ṭhā'** [स्थान] *n* ठाम, स्थान। place, spot.

**ठाईं ṭhāī** *obs See ठाम।*

**ठाओं ṭhāō** [स्थाम] *n* 1. ठाम, स्थान। place. 2. भूमि। ground. 3. स्थल। location, spot. 4. विशेषतः भोजन वा पूजाक हेतु नीपिकें पवित्र कएल स्थान। *spl* ground purified by smearing with cowdung for worship or dining.

**ठाकुर ṭhākur** *n* 1. एक उपनाम। 2. मालिक, स्वामी। lord, master (*obs*). 3. देवप्रतिमा। idol. **°बाड़ी** *n* देवालय। temple. 4. नौआ। barber.

**ठाँठ ṭhāṭh** *n* बाँझ। barren (cow/buffalo).

**ठाठ ṭhāṭh** *n* 1. आडम्बर। magnificence, pomp and show. 2. उच्च जीवन-स्तर, राजसी। majesty. 3. आधार-संरचना। frame, structure. 4. ठट्ठ, भीड़, समूह, झुण्ड। crowd. **-बाट** *n* आडम्बर। ostentation. **ठाठब** *vt* ठाठ बनाएब। frame a structure. 2. कार्य आयोजित करब। plan, project.

**ठाँठि ṭhāṭhi** *adj* बाँझ। barren.

**ठाँठी ṭhāṭhī** *n* काँसाक थारी। bronze dish.

**ठाड़ ṭhāṛ** *n* पाला, शैत्य। cold, chill, frost.

**ठाढ़ ṭhāṛh** *adj* 1. उठल, उत्थित। erect. 2. पाएरक भरेँ टाङ सोझ कए टिकल। standing up. **~ होएब** *vi* 1. टाङक भरेँ उपर उठब। stand up. 2. निर्वाचनमे अभ्यर्थी होएब। be a candidate in an election/contest. ***ठाढ़े-ठाढ़ adv*** *बिनु बैसनहि, छने भरिमे। without sitting, for only a while.*

**ठाढ़ि ṭhāṛhī** *n* डारि, शाखा। branch.

**ठाढ़ि-ढुड्डी ṭhāṛhī-ṭhuṭṭhī** *adj* बिसुखलि/निःसन्तान। childless.

**ठाढ़ि लाल** **ṭhaṛhi lal** *n* पचेसीक एक स्थिति। a move in पचेसी game.

**ठान** **ṭhān** [स्थान] *obs n* स्थान, विशेषत: उपयुक्त जगह/अवसर। place, occasion.

**ठानब** **ṭhānab** [स्थान?] *vt* 1. कोनो कठिन काज करबाक दृढ़ सङ्कल्प करब। resolve to do some big task. 2. पैघ काज आरम्भ करब। undertake/initiate some big work with determination.

**ठाम** **ṭhām** [स्थाम] *n* 1. स्थान, विशेषत: उपयुक्त स्थान। 2. अवसर। occasion (*obs*). **-ठिम** *adv* कतहु-कतहु, विरलतया। here and there, sparsely. **ठामहि** *adv* 1. तुरन्त ओतहि। then and there. 2. जहिना छल तहिना, पूर्ववत्। as it was.

**ठार** **ṭhār** *n* 1. डारि। branch. 2. पाला। frost.

**ठारब** **ṭhārab** *vt* ठण्ढा करब। chill, expose to cold.

**ठारि** **ṭhāri/ṭhāir** *n* शाखा, डारि। branch of tree.

**ठाँस** **ṭhās** *n* सोनारक एक ओजार। an instrument of goldsmith.

**ठाँसब** **ṭhāsab** *vt* ठूसब। cram, stuff.

**ठाँसा** **ṭhāsa** *n* गहना गढ़बाक साँच। anvil with many designs used by goldsmiths.

**ठाहर** **ṭhāhar** *n* 1. ठओर, स्थान। place, location. 2. व्यवस्था, स्थिरता। determination.

**ठाँहि-ठाँहि** **ṭhāhi-ṭhāhi** *ono* कुड़हरि बजारबाक ध्वनि। striking sound.

**ठाँहि-पठाँहि** *adv* समक्षहिमे नि:सङ्कोच। blatantly, bluntly.

**ठाहुर** **ṭhāhur** *See* *ठहुरी।*

**ठिआँ** **ṭhiā** *n* ठाम। place.

**ठिकड़ा** **ṭhikṛa** *n* काच गलएबाक पात्र। a pot that melts glass/lead.

**ठिकड़ी** **ṭhikṛī** *n* एक प्रकारक पनही। a kind of shoe.

**ठिकब** **ṭhikab** *vt* 1. जोड़ब, योगफल निकालब। add sums. 2. आँकब, अन्दाज लगाएब। calculate, estimate.

**ठिकरी** **ṭhikrī** *n* तासमे चौकोर छापबाला पत्ती, चकुठी।

**ठिकाएब** **ṭhikāeb** *vt* 1. लक्ष्य साधब, निसान ठीक करब। aim at, point (in shooting). 2. *ठिकब* केर प्रेरणार्थक। *cau* of *ठिकब।*

**ठिकादार** **ṭhikādār** [ठीका-] *n* ठीकापर काज कएनिहार। contractor. Also **ठिकेदार।** **ठिकौती** *adv* ठीका-पट्टा कए, हुण्डा। on contract basis.

**ठिठिआएब** **ṭhiṭhiāeb** *vi* 1. अशिष्ट जकाँ हँसब। titter, giggle, laugh indecently. 2. स्तब्ध होएब। (पुरुषक लिङ्गक)। (said of penis) stiffen.

**ठिठुआ** **ṭhiṭhuā** *n* औंठा, शिश्न। thumb, penis.

**ठिठुआएब** **ṭhiṭhuāeb** *vi* निराश होएब। be disappointed.

**ठिठुरब** **ṭhiṭhurab** *vi* जाड़सँ त्वचा आदिक सङ्कुचित होएब। be chilled, shiver.

**ठिन** **ṭhin** *n* स्थान, ठाम। place. Also **ठिना।**

**ठिमा** **ṭhima** [स्थान] *n* ठाम। place.

**ठिसुआएब** **ṭhisuāeb** *See* *ठिठुआएब।*

**ठीक** **ṭhīk** *adj* 1. समीचीन, सही, सत्य। right, correct, true. 2. दुरुस्त, भङठल नहि (गाड़ी)। in order, in working condition. 3. अन्यूनाधिक, विशुद्ध। accurate, exact, right. 4. उपयुक्त, अनुरूप। proper, appropriate. **-ठाक** *rep.*

**ठीकब** **ṭhīkab** *vt* जोड़ब। sum up, total.

**ठीका** **ṭhīkā** *n* पूर्वहि ठीक कएल (आँकल) दर पर काज करबाक व्यवस्था। piece-work, contract. **-पट्टा** *n* ठीकाक द्विपक्षीय व्यवस्थापत्र। lease of contract.

**ठीहा** **ṭhīhā** *n* परिकठ। carpenter's base log.

**ठुट्ठ** **ṭhuṭṭha** *adj* जकरा शाखा-प्रशाखा नहि होइक (हाथ, गाछ आदि)। deficient in limbs, branch less. *n* मोढ़ि। stump.

**ठुट्ठा** **ṭhuṭṭha** *n* औंठा आ तर्जनीक टुरनीक बीच अधिकतम दूरी, लगभग 18 सेमी। maximum distance between the tip of thumb and fore finger; *See* T.VI.

**ठुड़री** **ṭhuṛ-rī** *n* 1. लताम आदिक अविकसित कठोर फल। underdeveloped hard fruit (*spl* of guava). 2. तामाक कनिचा जे पूर्वमे सिक्का जकाँ चलैत छल। mite, a piece of copper bar without any mark formerly serving for a small coin. 3. किड़री, भूजामे बिनु फूटल अन्न। grains remaining unpuffed while parching.

**ठुनकब** **ṭhunkab** *vi* दुलारू नेनाक सस्वर कानब। whimper, sob (said of child).

**ठुनका** **ṭhunkā** *n* मुट्ठीक अग्रभागसँ गालमे लगाओल चोट। knuckle, striking on the cheek with the

top of fist. **ठुनकाएब** *nvt* ठुनका मारब। striking as above, knuckle.

**ठुमरी ṭhumrī** *n* सङ्गीतक एक शैली। a style of music.

**ठुमुकब ṭhumukab** *vi* कुदैत-उछलैत चलब। toddle. **ठुमुकी** *n* 1. घोड़ाक एक चालि। a gait of horse. 2. ठुमुकैत चलनाइ। toddling.

**ठुमुक्का ṭhumukkā** *See ठुनका।*

**ठुर्री ṭhrrī** *See ठुड़री।*

**ठुसब ṭhusab** *vt* 1. बलपूर्वक पैसाएब, कोंचब। thrust, stuff, cram. 2. खाएब (निन्दामे)। eat (*der*), overeat. **ठुसाएब** *cau.*

**ठूठ ṭhūṭh** *See ठुट्ठ।*

**ठूसा ṭhūsā** *See ठुनका।*

**ठेक ṭhēk** *n* 1. चानीक कगना। silver bangles worn below other bangles. 2. पथिआ। a basket. 3. *See ठेकब।* 4. *See टेक।* 5. चटाइसँ घेरि बनाओल अन्न-कोष्ठ। canvas enclosure devised for storing food grains. 6. कानक एक गहना, लोरि। ear-pendant.

**ठेकनगर ṭhekangar** *adj* 1. ज्ञात, निर्भर योग्य (व्यक्ति)। known and reliable. 2. स्मृति गत। ready in memory.

**ठेकना ṭheknā** *See* under *ठेकब।*

**ठेकनाएब ṭheknāeb** [ठेकान] *vt* ठेकाना पाएब। recall, spot out, locate.

**ठेकब ṭhēkab** [स्पृग्-] *vt* 1. भिड़ब, स्पर्श करब। touch. 2. टकराएब। collide, knock. 3. पर्यन्त पहुँचब। stretch to, reach upto **ठेक, ठेकना** *n* अड़ानी, टगबासँ रोकएबाला टेक। side support.

**ठेकर ṭhēkar** *adj* ढीठ, मना/अपमान कएलहु पर नहि हटनिहार। audacious, impertinently persisting. *n* हराह मालक गरदनिमे देल गेल काठक लटकन। log hung down the neck of fugitive cattle.

**ठेकरा ṭhekrā** *See ठोकरा।*

**ठेका ṭhēkā** *n* तबला। a musical drum, tabla.

**ठेकाएब ṭhekāeb** *cau* of *ठेकब।*

**ठेकान ṭhekān** *n* 1. लक्ष्य स्थान, पता अवस्थिति। place of stay, location, address, whereabout. 2. निर्भरता, भरोस। certainty, reliability. *adj* कण्ठस्थ। memorised. **ठेकानब** *vt* 1. मन पाड़ब। try to recollect. 2. ठमाएब। ascertain the location of, locate. **ठेकाना** *n* पता। address.

**ठेकी ṭhēkī** *n* बोतल आदिक मुनना। cork, plug.

**ठेकैत ṭhekait** *n* तबालची। tabla player.

**ठेँघुन ṭhēghun** *n* जाँघ आ छाबाक जोड़, ठेहुन, जानु। knee.

**ठेङ्नी ṭheṅnī** *n* छोट ठेङा। *d* of *ठेङा।* 2. जोलहाक बाँस। weaver's pole.

**ठेङरू ṭheṅrū** *n* कमची, काठी, खुभरी। split of bamboo/wood.

**ठेङा ṭheṅā** [मुण्डारी टाङ, डाङ] *n* मोट छड़ी। thick handy stick.

**ठेङी ṭheṅī** *n* छोटका जोँक जे दूबिमे रहैत अछि। a variety of leech living on grass.

**ठेँठ ṭhēṭh** *adj* 1. असंस्कृत, अविकृत, सहजरूपी, मानक। unsophisticated, real, typical, standard. 2. देहाती, गमार, अपरिष्कृत। rude, rustic, popular. 3. बाँझ। barren. 4. खिआएल। worn out (plough etc); Also **ठेँठा।**

**ठेँठिआएब ṭhēṭhiāeb** *vi* अशिष्ट जकाँ हँसब। snigger, laugh unpleasantly/foolishly.

**ठेँठी ṭhēṭhī** *adj See ठेँठ* (3-4)*।*

**ठेढ़ ṭheṛh** [स्थैर्य] *n* अवलम्ब, टेक। support.

**ठेना ṭhenā** [ठेङा+पेना] *n* 1. छोट ठेङा। small handy stick. 2. पोटा। mucus, phlegm.

**ठेल ṭhēl** *n* 1. प्रेरण। push. 2. बनरा (पतवारमे)। leaf of rudder. **-गाड़ी** *n* पाछुसँ ठेलि चलएबाक गाड़ी। *See ठेला।*

**ठेलब ṭhēlab** *vt* 1. अपनासँ विपरीत दिशामे बलपूर्वक घुसकाएब। push, propel, move on. 2. रेड़ब, धकेलब। jostle, elbow. **ठेलम-ठेल** *n* परस्पर ठेलनाइ, रेड़म-रेड़। rush, jostling. **ठेला** *n* 1. हाथसँ ठेलि चलएबाक गाड़ी। trolly, barrow, hand driven cart. 2. हाथ आदिमे रगड़ा लगैत-लगैत सकत भेल त्वचा। callus, corn, scab.

**ठेलाएब ṭhelāeb** *cau/pass* of *ठेलब।*

**ठेसगर ṭhesgar** *adj* ढीठ, निर्भीक। bold.

**ठेसब ṭhēsab** *vi* चलबाक काल अनजानमे कथूसँ पाएर टकराएब। stumble, stub one's toe. **ठेस** *n.*

**ठेसर ṭhēsar** *See ढीठ।*

**ठेसी** **ṭhēsī** *n* धृष्टता, ढिठपन, प्रौढ़ता। impertinence.

**ठेहा** **ṭhēhā** *n* निहाइक आधारकाष्ठ जे माटिमे गाड़ल रहैत अछि। wooden pad for anvil, base log.

**ठेही** **ṭhēhī** *n* 1. थाकनि, श्रान्ति। fatigue. 2. ऊसर माटि/खेत। alkaline soil.

**ठेहुन** **ṭhēhun** *n* ठेघुन। knee. **ठेहुनियां देब** *vi* 1. दूनू हाथ आ दूनू ठेहुन रोपि चलब। walk on all four. 2. शरणापन्न होएब। surrender by kneeling down.

**ठेहुरी** **ṭhehurī** *See* ठहुरी।

**ठोकब** **ṭhōkab** *vt* 1. चोट देब, पीटब। strike, beat, hammer. 2. दुलारसँ बच्चाक देह थपथपाएब। pat. 3. काँटी आदि आघातद्वारा भीतर धसाएब। drive in. **ठोकर** *n* 1. धक्का, आघात। stroke, blow. 2. भड़काह मालक गरामे लटकाओल काठक मुड़रा जे पड़एबा काल टाङमे ठोकर मारैत रहैत अछि। log hung down the neck of a run away cattle to prevent running fast. **~ खाएब** *vt* आहत होएब; अनुचित कर्मक कुफल भोगब। receive set back.

**ठोकरा** **ṭhōkrā** *n* 1. चूरा कुटबाक काल उखरिमे अन्न लाड़बाक डण्टा। poker used during pounding चूरा, stirrer. 2. खेतक एक घास। a weed.

**ठोका नमस्कार** **ṭhōkā namaskār** *n* केवल औपचारिक हार्दिकतारहित अभिवादन; उपेक्षा। perfunctory greeting, contemp.

**ठोकाइ** **ṭhokāi** *n See* ठोकब।

**ठोकाएब** **ṭhokāeb** *cau/pass* of ठोकब।

**ठोकुआ** **ṭhokuā** *adj* ठोकिकें बनल। made by hammering.

**ठोङरी** **ṭhoṅrī** *See* ठहुरी।

**ठोङा** **ṭhōṅā** *n* कागतक बनल झोरा। paper bag.

**ठोँठ** **ṭhōṭh** *n* 1. गर, गरदनि। neck, throat. 2. लोल। beak. **~ छाड़ि कानब** *vi* चिचिआइत कानब। weep bitterly. **~ मोकब** *vt* गरदनि दाबि श्वासावरोध करब। strangle. **~ लागब** *vi* गर बाझब। have hoarse voice. **ठोँठब** *vt* लोल मारब। strike with one's beak. **ठोँठिआएब** *nvt* गरदनिपर हाथ दए अपमानपूर्वक बैलाएब। knock out, expel.

**ठोड़** **ṭhōṛ** *See* काछु।

**ठोप** **ṭhōp** [स्फोट] *n* 1. बिन्दु (जल आदिक)। drop. 2. सिन्दूर आदिसँ देहपर बनाओल गोल छाप। dot mark on the body of vermilion etc.

**ठोर** **ṭhōr** *n* 1. ओठ। lip. **~ पटपटाएब** *vi* बजबाक उपक्रम करब। move lips as if to speak something. **~ फड़कब** *vi* अधरमे कम्प आएब जे क्रोधक सूचक थिक। quiver lips indicating suppressed anger. **~ बिजुकब** *vi* कनबाक उपक्रममे ठोर सँकुचब। (said of lips) make a posture of about to weep. **~ बिजुकाएब** *vt* ठोरपर उपहास वा निन्दाक सूचक आकृति बनाएब। make a wry face. **~ सिअब** *vt* मूक भेल रहब, बाजब बन्द करब। keep mum. **ठोराह** *adj* बजबामे उद्धत। out spoken (*der*).

**ठोरी** **ṭhōṛī** *n* ठोर लगक निचला भाग, चिबुक। chin.

**ठोला** **ṭhōlā** *n* पातक पूड़ाक आकारक एक बासन। leaf-plate.

**ठोस** **ṭhōs** *adj* निसन; *विप* फोंक। solid, sturdy, strong.

**ठोहब** **ṭhōhab** *vt* ठेडाक हूरसँ भूर कए बीआ खसाएब। sow seeds in holes made with a pointed stick.

**ठोहर** **ṭhōhar** *n* गाछमे भेल घेघ। tumour on trees.

**ठोहा** **ṭhohā** *See* परिकठ।

**ठोहि पारब** **ṭhōhi pārab** *vt* चीत्कारपूर्वक कानब। weep crying aloud.

**ड** **ḍ** वर्णमालाक तेरहम व्यञ्जन। 13th consonant of alphabet.

**डकब** **ḍakab** *vi* 1. उत्कट गन्ध छोड़ब। stink, smell sharp and pungent. 2. कौआक बाजब। make crowings sound.

**डकरब** **ḍarkab** *vi* डिड़िआएब। bellow.

**डकरा** **ḍakrā** *n* 1. एक विष। a poison. 2. एक पशुरोग। a cattle-disease. 3. बेसी हलगर जमीन। soil retaining much moisture. 4. नव बिआइलि गाइक दूध। dirty milk of cow/buffalo given a few days after calfing.

**डकहा** **ḍak-hā** *n* एक सङ्क्रामक पशुक रोग। a contagious cattle disease.

**डकूबा** **ḍakūbā** *See* डाकू।

**डकैत** **ḍakait** *n* डाका देनिहार। dacoit, robber. **डकैती** *n* डाका। robbery. *Cf* डाकू।